



BritishRedCross

PWOGRAM REJENERASYON AK REKONSTRIKSYON IBÈN KWAOUUJ BRITANIK AYITI EVALYASYON FINAL (Rezime)



Li gen Ladann:

- 1. Repons manajeryal | Kreyol**
- 2. Rezime evaliyasyon | Kreyol**

Evalyasyon Final Jesyon Repons Kwawouj Britanik (BRC) bay URRP



Kwawouj Britanik byen kontan resevwa konklizyon Evalyasyon Final Urban Regeneration and Reconstruction Programme (Pwogram Iben pou Rejenerasyon ak Rekonstriksyon, URRP) ke pwogram nan “*reprezante yon gwo reyalizasyon, lè n ap konsidere kondisyon ki egziste nan Dèlma 19 yo ak nan gwo kontrent ke Kwawouj Britanik te oblige travay*”. Nivo devاستasyon ki vini apre tranbleman dtè an Ayiti an 2010 la, ak tout anviwònman iben konplèks kote kominote ki te afekte yo t ap viv, te poze difikilte san presedan pou sa yo ki tap antreprann aktivite rekiperasyon siyifikatif. Ak benefis eksperyans lan, gen pati nan pwogram nan ak desizon yo te pran yo ki te ka amelyore. Poutan, li toujou kòrèk pou rekonèt ke entèvansyon Kwawouj Britanik la te “*reysi ede plizyè milye moun vilnerab rejwenn kay yo ak kominote yo, epi kontinye ak lavi yo.*”

Rekomendasyon Evalyasyon an¹:

Kwawouj Britanik jeneralman aksepte tout rekòmandasyon evalyatè yo prezante.

An rapò ak Rekomendasyon 1, ak “*kreyasyon yon lis entènasyonal ekspè sou mwayen travay, enfrastrikti ak gouvènans pou ede idantifye yon sous resous zimèn apwopriye k ap kontinye grandi*”, Kwawouj Britanik note ke li te gen rejis, men manb li yo te swa pat disponib oubyen te manke konpetans ke konteks iben an te egzije a. Kwawouj Britanik te anplwaye yon gwo kantite delege, souvan nan domèn ekspètiz ki differan de sa òganizasyon an genyen kom tradisyon. Aprann de difikilte asosye ak angaje resous apwopriye nan yon mache konpetitif, Kwawouj Britanik pran angajman pou pa fè egzekisyon dirèk pwogram konstriksyon a lavni.

Kwawouj Britanik note tou rekòmandasyon 2 ak 6 an rapò ak angajman epi enplikasyon otorite lokal yo ak prekosyon. Kwawouj Britanik

rekonèt ke li absoliman kòrèk pou angaje otorite lokal yo nan tout etap yon pwogram epi note ke li angaje anpil tan ak resous pou atenn objektif li anba URRP. Sepandan, difikilte pou enplike otorite lokal aisyen yo pou sipòte egzekisyon ak antretien enfrastrikti travay la te vin fè ke rezulta swete yo pa pwobab nan yon delè siyifikatif. Yon administrasyon ki pa gen ase resous, sichaje epi disfonksyonèl te rann li ekstrèmeman difisil pou fè aranjman reyinyon menm fas a fas, alevwa pou angaje nan yon nivo siyifikatif pou sipòte yon pwogram anndan yon bidonvil.

Kwawouj Britanik te soulinye Rekomendasyon 3 anrapò ak enplikasyon nan konsepsyon kay. Alòske kèk nan yo pat resevwa fòm ak konsepsyon yo te mande yo, sa pa t rive akoz yon pwoblèm patisipasyon, men akoz notoryete Ayiti nan pratik konstriksyon ki fèb ak danjere, men tou nesesite pou asire aksè ak itilizasyon ekitab espas.

Identifikasiyon Leson Evalyatè yo:

Kwawouj Britanik dakò ak sèt leson ke evalyatè yo te idantifye yo epi ap asire ke efò fèt pou aplike yo nan entèvansyon ki menm jan an alavni.

Nòt

Konteks Iben an

Evalyasyon Final la refere ak difikilte ki genyen pou travay nan zòn peple anpil Dèlma 19 la, ki gen pou karakteristik yon yolans iben ak yon mank koyezyon kominotè, epi zòn nan te vilnerab nan yon nivo ekstrèm sa ki se rezulta lamizè ak efè tranbleman dtè a. Kwawouj Britanik te antreprann analiz pouse sou angajman li an Ayiti ak lòt konteks pou enfòme apwòch pwogram nan, nan yon konteks konsa.

¹Jan li nimewote nan 8 paj rezime a.

Sepandan, rezo sosyal, politik ak ekonomik nan nenpòt popilasyon gwo dansite, anviwònman iben konplèks nan yon nivo enkwayab epi kontinye chanje san kanpe. Nan moman sa a, Kwawouj Britanik te pran desizyon riske pou mete tout ekip pwojè a nan kè kominote a, pandan l ap investi anpil pou devlope Ekip Mobilizasyon Kominote a, nan yon efò pou ankouraje lyen, transparans ak responsabilite ak kominote a li t ap chache sipòte a. Alòske relasyon ak tansyon ant Kwawouj Britanik ak kominote a te bese epi kontinye koule, li enpòtan pou soulinye ke Kwawouj Britanik te kapab travay ak tout kominote a pou planifye epi kreye URRP a. Lefèt ke pat gen gwo ensidan sekirite, e ke Kwawouj Britanik te ka fèmen tout domèn li te swete nan pwogram li an, eksplike ki ak ki nivo yo te resewwa URRP a.

Angajman Kominotè ak Apwòch Patisipatif

Kwawouj Britanik te pouswiv yon apwòch patisipatif nan konsepsyon ak livrezon URRP, sa ki te ogmante nivo angajman ak transparan lan. Sepandan, sa te mennen tou direkteman ak reta nan livrezon pwogram nan, puiske li te pran tan pou konsilte epi enplike ak yon pakèt patisipan ki te genyen enterè yo nan aktivite a, soti nan endividé pase nan komite ki pa eli jiska otorite eli ki nan meri a. CMT te a te jwe wòl de sant livrezon pou URRP a, nan reyini kominote a ak ekip pwogram nan, nan kominike enfòmasyon ak fè mitigasyon sou difikilte yo soti nan etap avan konsepsyon rive nan faz aprè sòti a. Alòske li te pran wòl mobilizasyon kominotè a lè volontè yo pa la, CMT a te gen ladann yon gwoup manb kominote a, epi yo te fini pa wè li endependan de tout enterè nan aktivite yo.

Sepandan, jwenn yon konsansis pamí patnè ki nan yon anviwònman iben, mete sou sa yon anviwònman ki genyen anpil dansite tankou bidonvil Dèlma 19 la difisil anpil. Anpil nan reta ki te anrejistre a te akoz nivo pwosesis evalyasyon benefisyè a, ki te asire li de presizyon ak done

sou vilnerabilite ki sou fòm triyang, men te enplike tou negosyasyon ak yon gwo kominote rezidan pou detèmine opsyon pwogram ki te pi apwopriye a. Ak yon kantite tan ak resous limite, epi yon espas fizik ki te mete restriksyon sou sa ki te teknikman posib (pa egzanp li pat apwopriye pou plase yon latrin ak tank septik dèyè chak abitasyon akoz pwoblèm sanitasyon ak aksè), yo te atann konpromi tout kote ni nan atant final yo ak kouvèti sipò yo.

Kwawouj Britanik te angaje otorite lokal yo pou asire ke tout aktivite yo te alien ak estanda ak estrateji nasional yo. Sepandan, angajman siyifikatif te difisil anpil pou ankouraje. Tranbleman dtè a te afekte administrasyon sivil Ayiti a grav epi sak te swiv yo te boulvèse yo. Sitiyasyon latwoublay politik ki kontinye egziste nan peyi a te souvan paralize biwo gouvenèman yo, epi rann li difisil pou jwenn traksyon ak sipò nan entèvansyon Kwawouj Britanik nan Dèlma 19.

Enfrastrikti

Tablo 1

Entèvansyon nan konstriksyon	Kantite/Gwosè
Kanal	302m
Mache	191m ²
Lanp solèy	26
Pavaj	4,595m ²
Drenaj	1,962m
Konstriksyon klinik kominotè	134m ²
Espas publik	Teren Baskèt Jaden kominotè Po an beton ⁴

² 'Humanitarian action in urban areas: five lessons from British Red Cross programmes', Samual Carpenter, August 2013. <http://odihpn.org/magazine/humanitarian-action-in-urban-areas-five-lessons-from-british-red-cross-programmes/>

³ Kwawouj Britanik te travay nan yon fason rapwoche ak DINEPA (Dlo) Direksyon Dlo Potab ak Asenisman), MPTPC (Ministè Travò Piblik pou konsepsyon konstriksyon)Ministè Travò Piblik ak Kominikasyon, SMCRS (jesyon dechè) Sèvis Metropoliten Kòlèk Rezidi Solid, MAST (afè sosyal pou gwoup MuSo) Ministè Sosyal ak Travay

Puiske Dèlma 19 chita nan pye mòn ki antoure Pòtoprens lan, epi te fè pati zòn sib Kwawouj Britanik la, tankou Site 4, ki twouve li anviwon de mèt anba kanal la, zòn entèvansyon an te vilnerab anpil ak inondasyon. Evalyasyon Final la soulinye ke kanal la ak lòt travay enfrastrikti pavaj " *te genyen pi gwo ak enpak ki pi pozitif sou kominote a* ". Tablo 1 prezante done final enfrastrikti yo, ki diferan de sa Ekip Evalyasyon an te site yo. Alòske pwojè enfrastrikti a te idantifye gras ak PASSA, epi answit enfòmasyon kominote ki te afekte a te konsevwa epi devlope li, Evalyasyon an te soulinye ak presizyon difikilte pou asire antretyen alavni. Te genyen anpil tantativ pou kreye responsabilite pataje andedan kominote a pou yon swen minimòm kap kontinye ak antretye enfrastrikti a, men se sèlman tan k ap di si estrikti fizik sa a ki nan kominote a ap kontinye egziste si yo neglige li.

Lojman

Tablo 2

Entèvansyon sou Lojman	Kantite
Nouvo kay	149
Twalèt ki enstale nan fwaye	135
Reparasyon (ladann genyen 101 don kach)	139
Fwaye ki jwenn sipò gras ak INA	917
Mason ki te fini pwogram aprantisaj yo	42

Nenpòt tantativ pou sipòte solisyon lojman ak abri nan yon kontèks tankou pas Ayiti a, espesyalman Dèlma 19, ap prezante difikilte. Feblès ki nan sistèm pwopriyete yo se pa

⁴ Fonksyon prensipal po sa yo se anpeche konstriksyon fèt twò pre kanal la, epi kreye espas vèt.

⁵ Diferans done yo ka lye ak lefèt ke Ekip Evalyasyon an te antreprann vizit teren li an anvan aktivite pwogram yo fini, akoz konsiderasyon lojistik ak sekirite.

yon sekrè pou pèsonn an Ayiti, epi Dèlma 19 vini ak pwòp difikilte pa li, lefèt ke li twouve li nan yon espas ki te yon ma epi popilasyon li an se prensipalman moun ki vin rete la san otorizasyon. Kwawouj Britanik te adopte yon apwòch ki melanje modalite yo pou sipòte rezidan Kan Otomeka a ki te vin sanzabri akoz tranbleman dtè a, sa ki te gen ladann konstriksyon ak reparasyon kay, don kach pou reparasyon, ak asistans finansye ak teknik pou jwenn, pou sekirize ak peye pou nouvo Iwaye atravè Apwòch Entegre Katye IFRC a (gade Tablo 2). Entèvansyon sou konstriksyon ak lojman an te gen ladann pi gwo pati bidjè \$4.48m an.

Li apwopriye pou nou di ke Kwawouj Britanik pat pare pou yon pwojè konstriksyon konsa, ki te pran tan pou devlope, epi te twouve li difisil pou atire epi kenbe anplwaye apwopriye, pandan li te ka konte sou yon seri de endividé dedye ki kle ki te ka dirije epi livre tout aktivite ke yo te dakò sou yo yo.

Alòske PASSA inisyal la t ap fèt Dèlma 19 pifò sektè imanitè a t ap investi plizyè milye nan abri tranzisyonèl. Kwawouj Britanik te chache sèvi ak mendèv lokal pou konstriksyon, epi sipòte chak moun ki resewwa yon abri pou li enskri fòmèlman ak otorite yo, yon fason pou li demonstre ke li se yon responsab legal. Kwawouj Britanik te ede rezidan Dèlma 19 yo dakò epi soumèt yon plan aplikasyon fòmèl nan

biwo Meri a, ki te nesesite anpil konsiltasyon ak negosyasyon.

Antreprann konstriksyon lojman se te youn nan entèvansyon ki pi sansib nan kominote a. Idantifikasiyon benefisyè yo te konsome yon gwo kantite tan ak resous, kote Kwawouj Britanik te fè gwo efò pou asire li ke li te sible fwaye sa yo ki te pi nan bezwen epi ki pat kapab antreprann pwòp rekiperasyon pa yo. Nan negosyasyon dwa pasaj ak konsepsyon lojman nan yon anviwònman ki

gen konstriksyon ak gwo dansite ladann, yo machande literalman chak pou. Pou anpil, Ayiti te revele li yon kontèks ki difisil anpil pou enplike nan konstriksyon lojman. Lojman andedan Dèlma 19 te chanje konsiderableman an byen epi rezidan yo san dout pi prepare pou sipòte dezas ki gen pou vini. Non sèlman gras ak kay Kwawouj Britanik te konstiyo yo, ki te fèt yon fason pou sipòte yon dezyèm etaj men apati de kantite plizoumwen gwo pwopriyetè kay ki te kòmanse antreprann pwòp reparasyon ak rekonstriksyon yo lè yo vin reyalize yo p ap benefisyè nan entèvansyon Kwawouj Britanik la.

Yo ka wè apwòch ki baze sou kominote sektè imanitè a kòm si li travay kont nesesite pou pran desizyon rapid ak chèn apwovizyonman lojistik konplike. Kwawouj Britanik rekonèt difikilte ak kritik ki te fet anrapò konstriksyon lojman yo. Kwawouj Britanik te kapab deplwaye delege ki gen anpil eksperyans – menm lè li te oblige konte sou yon ti gwoup ekspètiz ki te gen twòp travay sou kont yo – epi sèvi ak eksperyans nou nan pwogram rekonstriksyon Sounami Azyatik la. Sepandan, pwogram nan ak difikilte teknik pou jere kalite pwogram rekonstriksyon lojman sa a te fè administrasyon Kwawouj Britanik konkli ke li pap ka kenbe ekspètiz nesesè ansanm ak konpetans nan jesyon pwojè konstriksyon. Nan ka sa a Kwawouj Britanik pap angaje alavni nan egzekisyón konstriksyon lojman nan nivo sa a, men lap chache pito fè patenarya ak lòt òganizasyon.

Mwayen travay

Tablo 3

Entèvansyon sou mwayen travay	Pwentaj
# Ti Biznis ki resevwa prè	26
# gwoup mikwo-finans ki fòme	81
# manb mikwo-finans	1.896
# benefisyè asirans sante yo	Plis pase 7,000

Tantativ pou ranfòse sekrite ekonomik rezidan ak biznis nan Dèlma 19 te enperatif pou asire yon modèl rekiperasyon ki reyèlman entegre. Kantite entèvansyon sou mwayen pou travay te genyen plizyè fasèt, li te gen ladann prè biznis, etablisman gwoup epay, asirans sante, fòmasyon pou moun aprann li ak pwofesyonèl pou jèn yo. Sepandan, malgre gwo angajman ak sansibilizasyon ak fòmasyon, li te difisil anpil pou gen yon enpak nan sektè sa a. Kwawouj Britanik te reflechi anpil sou difikilte ki genyen pou enplike nan mwayen travay an Ayiti.

Evalyatè yo te di pwogram URRP a “*mande kouraj ak odas*”, epi sa petèt apwopriye pandan n ap dekri apwòch pou mwayen travay la. Kalandriye pwogram Kwawouj Britanik la te limite, akoz fon yo ki te limite, epi ki te gen yon estrateji pou rete konsantre sou rekiperasyon apre tranbleman dtè a olye de etabli yon prezans sou lontèm. Yo dakò ke pou chanje atitud sou fè ekonomi nan yon fason siyifikatif ak mezirab, yon pwogram ki gen yon sik pi long te nesesè. Kalandriye kout sa a te vin agrave akoz enkapasite Kwawouj Britanik pou atire epi kenbe anplwaye apwopriye nan URRP Ayiti a. Sepandan, entèvansyon an te brav nan sans ke li te fè tantativ pote enèji nan yon ekonomi lokal konplèks gras ak travay epi yon plan epay pou konstiyo rezistans. Genyen plizyè faktè k ap genyen yon enflyans sou pwosperite ke Dèlma

19 ak rezidan li yo ap genyen alavni, e sèlman tan ap revele si ti prè yo te akòde 26 biznis yo, oubyen efò ki te fèt pou kreye 81 gwoup epay yo, ap genyen yon efè dirab. Sepandan, lefèt pou URRP a pa enplike nan mwayen travay se t ap neglje yon aspè enpòtan nan rekiperasyon. Kwawouj Britanik kontinye aprann nan domèn mwayen travay, epi te pran angajman pou li konprann pi byen kòman pou sèvi ak kach efikasman nan premye etap yon repons, epi tou kòman pou enplike nan entèvansyon sou mwayen travay pi devan nan sik dezas la.

Gouvènans kominotè

Evalyasyon an te souliye karaktè inapwopriye lefèt pou enplike ak reprezantan lokal ki pa eli epi ki pa reprezante gwoup kominote lokal ak komite yo. Se te yon difikilte konstan pou Kwawouj Britanik nan sik pwogram nan pou angaje epi konsilte ak sila yo ki pale pi fò, pandan ke li t ap eseye sipòte sila yo ki pi vilnerab. Sepandan, Kwawouj Britanik estrik nan tantativ pou enplike tout kominote a, olye sa te fèt ak yon komite oubyen ak yon lòt fason. CMT a te gen yon prezans konstan nan kominote a, kote li t ap rasanble fidbak epi anrejistre chak kesyon ak plent, ak angajman pou bay yon repons. Ak entwodiksyon 81 MUSO, yon kantite gwoup estriktire te gaye epi te ka mobilize epi reprezante tèt yo. Kwawouj Britanik te soutni angajman li ak kominote a ak yon transparans total. Te gen nòt ki pran pou chak reyinyon, epi chak pwosesis rekritman te detaye epi bibliye ak kritè seleksyon ki klè (te genyen plis pase 1100 pwosesis aplikasyon pou 50 pozisyon mason nan ki te soti nan kominote a). Alòske ap toujou gen enterè ak endividé pisan nan chak kontèks kote nou dwe konbat, Kwawouj Britanik te antreprann plis patisipasyon kominotè epi te sèvi ak yon gwo nivo transparan an Ayiti parapò ak jan li te konn fè li nan gwo pwopram li yo.

Aplikasyon Leson yo Te idantife yo

Kwawouj Britanik te pran dispozisyon pou aprann plis sou Ayiti ke li te fè li pou pwogram avan yo. Anplis de evalyasyon sa a, Kwawouj Britanik te antreprann odit regilye sou URRP

asire li de nivo apwopriye nan jesyon risk ak asirans antrepriz yo te aplike epi ekip pwogram nan te antreprann bon revizyon sou aprantisaj yo.

URRP a te yon pwogram entènasyonal Kwawouj Britanik inabiltyèl, ki te diferan anpil nan kalite aktivite yo, nivo fon yo, ak wòl egzekisyon dirèk olye de patnè ki fasilité oubyen ki bay sipò yo. Nan ka sa a pwogram nan te nesesite lòt gouvènans ak lòt sipèvizon jesyon, ak asirans kalite ansanm ak mekanis responsabilite ki pi sere. Kwawouj Britanik te envesti efò ak resous konsiderab pou entwodui ak devlope yon pwogram jesyon ki pi fò epi pi wobis pou URRP, tankou yon Kòsèy Pwogram Majè, kad Evalyasyon ak Swivi ki konplè, epi yon Sik Metodoloji Pwogram, youn nan yo pat an plas nan kòmansman an. Sistèm pwogram jesyon sa yo kounyea vin estandan epi yo adapte pou lòt pwogram Kwawouj Britanik, epi yo te etabli de flo travay otonòm pou kontinye amelyore efikasite sistèm Kwawouj Britanik la ak Rekritman epi retansyon Resous zimèn, aprantisaj ki soti nan eksperyans Ayiti a.

Pandan ke yo te travay an patenarya ak rezidan yo Kwawouj Britanik te rive libre yon gwo epi konplèks pwogram rekiperasyon nan Dèlma 19 apre gwo tranbleman dtè devastatè 2010 la. Pandan ke li travay nan yon fason patisipatif, Kwawouj Britanik te rive fè konsepsyon, devlope epi libre tout aspè URRP yo, epi ap pran angajman pou antreprann yon etid sou enpak pou li ka konprann totalman tout efè li yo. San rezèv Kwawouj Britanik angaje li pou asire ke l ap pran responsabilite pou sila yo l ap chache sipòte epi l ap kontinye travay antanke manb Mouvement Mondial Kwawouj pou reponn a bezwen imanitè atravè lemond epi mete moun k ap fè fas ak kriz nan kè tout sa l ap fè.


David Peppiatt

Direktè Kwawouj Britanik Entènasyonal

⁶ ‘Urban Livelihoods Recovery:Lessons from Port-au-Prince, Haiti.’Bonaventure Sokpoh ak Samuel Carpenter, 2014 (Rekiperasyon Iben nan Mwayen Travay: Leson sou Pòtoprens, Ayiti).www.alnap.org/pool/files/urban-livelihoods-recovery,-port-au-prince.pdf

Tablo 4


Aktivite	Depans (pi pwòch \$1,000)
Sipò pou Solisyon Lojman ak Abri	\$ 5,123,000
Konstriksyon Enfrastrikti Kominotè	\$ 2,512,000
Sipò mikwo-finans	\$ 1,316,000
Sipò prè & fòmasyon ti biznis	\$ 1,196,000
Konstriksyon Latrin ak Sanitasyon	\$ 557,000
Aktivite Pwomosyon Ijyèn ak Sante Kominotè	\$ 201,000
Asirans Sante	\$ 233,000
Fòmasyon & gouvènans Kominotè (literati, DPRR, jesyon dechè)	\$ 497,000
Preparasyon pou Dezas ak Sensibilizasyon sou Rediksyon Risk, fòmasyon & gouvènans	\$ 353,000
Sipò Kwawouj Ayisen	\$ 152,000
Total	\$ 12,140,000



BRITISH RED CROSS HAITI EARTHQUAKE RESPONSE

12 January


**EARTHQUAKE
STRIKES**




GENERAL PROGRAMME



CONSTRUCTION



LIVELIHOODS



COMMUNITY CAPACITY BUILDING



2010

2011

2012

2013

2014

2015



ADVISEM

Evalyasyon final Kwawouj Britanik'

PWOGRAM REPONS AK REKIPERASYON APRETRANBLEMAN N TÈ 2010 AYITI A: REYALIZASYON, DIFIKILTE AK REKÒMANDASYON



Prezante bay Kwawouj Britanik

Soumèt pa Advisem Services Inc.

Otawa, Kanada

Mas 2016

TAB MATYÈ YO

Akwonim ak Senbòl	ii
Kontèks	1
Pwogram Nan	1
Evalyasyon Rezulta Yo	4
Objektif Evalyasyon an	4
Metodoloji	4
Difikilte	4
Karaktè Apwopriye ak Koerans	5
Reyalizasyon	5
Efikasite	7
Enpak	7
Dirabilite	8
Rekòmandasyon	8
Leson/Benefis Eksperyans lan	9
Konklizyon	10
Ekip Evalyasyon an	10

AKWONIM AK SENBÒL

AEDP	Association des entrepreneurs pour le développement de Delmas (Asosyasyon Antreprenè pou Developman Dèlma)
BRC	Kwa Wouj Britanik (British Red Cross, BRC)
DINEPA	Direction nationale de l'eau potable et de l'assainissement (Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Asenisman)
GBP	Pound sterling (Liv estèling)
HRC	Haitian Red Cross Society (Sosyete Kwawouj Ayisyèn)
IFRC	International Federation of Red Cross and Red Crescent Societies (Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwawouj ak Kwasan Wouj)
ILO	International Labour Organization (Organizasyon Entènasyonal Travay)
INFP	Institut national de formation professionnelle (Enstiti Nasyonal pou Fòmasyon Pwofesyonèl)
M&E	Monitoring and evaluation (Swivi ak Evalyasyon)
MTPTC	Ministère des Travaux publics, Transports et Communications (Ministè Travo Piblik Transpò ak Kominikasyon)
MuSo	Mutuelle de solidarité (Mityèl Solidarite)
ONG	Organizasyon Non-Gouvènmantal
PASSA	Participatory Approach to Safe Shelter Awareness (Apwòch Patisipatif Sansibilizasyon pou Lojman Sekirité)
RCRC Movement	International Red Cross and Red Crescent Movement (Mouvman Entènasyonal Kwa Wouj ak Kwasan Wouj)
SME	Small and micro-enterprise (Mikwo ak Ti Antrepriz)
URRP	Urban Regeneration and Reconstruction Programme (Pwogram Rejenerasyon Iben ak Rekonstriksyon)
USD	United States dollar (Dola Ameriken)

KONTÈKS

Nan dat 12 janvye 2010, yon tranblemann tè manyitid 7.0 te frape Ayiti tou pre Pòtoprens. Plis pase 2 milyon moun te touche—yo te estime anviwon 200, 000 mouri epi 1.5 milyon te vin sanzabri epi t ap viv nan anviwon 1, 200 abri pwovizwa.

Tranblemann tè a ak replik ki te swiv yo te lakoz gwo domaj nan konstriksyon ansanm ak enfrastrikti nan Pòtoprens ansanm ak zòn ki antoure li yo. Enpak tranblemann tè a te ogmante akoz lamizè kwonik plis soudevelopman ki te frape Ayiti pandan lontan epi te vin miltiplier ak epidemi kolera Oktòb 2010 la (gade Ankadre 1 an).

Imedyatman apre tranblemann tè a, Mouvman Entènasyonal Kwa Wouj ak Kwasan Wouj (Mouvman RCRC) te lanse pi gwo repons nan yon sèl peyi, kote yo te voye 21 ekip ijans pou bay dlo, manje, abri ak sipò sante. Nan kad soutyen sa a, Kwa Wouj Britanik (Kwa Wouj Britanik) te mete an aplikasyon Pwogram Repons ak Retablisman pou Tranbleman dtè Ayiti 2010 la, ki te kòmanse ofisyèlman an Avril 2010.

PWOGRAM NAN

Pwogram Repons ak Retablisman a tranblemann tè Ayiti 2010 la se te yon inisyativ plizyè dimansyon ke Kwa Wouj Britanik te mete an ekzekisyon pandan yon peryòd senk lane pou li pran fen an jen 2015. Li te vle alafwa pote yon repons rapid pou viktим tranblemann tè as ki pi vilnerab yo, epi tou jwenn solisyon dirab pou retablisman yo.

Pwogram nan te evolye nan yon pwosesis kote Kwa Wouj Britanik te aprann epi konstwi apati de li. Gras ak yon rapò ki te parèt byen bonè an 2010, Kwa Wouj Britanik te wè potansyèl pou yon apwòch entegre avèk kan popilasyon deplase yo ki t ap konbine entèvansyon sou mwayen travay, abri, epi dlo ak sanitasyon. Lè mèt tè a te chase viktим ki te nan kan Automeca pita nan ane sa a, Kwa Wouj Britanik te wè opòtinite pou itilize apwòch sa a pou ede fanmi deplase yo pandan y ap retounen nan katye yo kòmanse rekonstwi lavi yo. Dènye etap sa a nan inisyativ la, ki te sòti nan jen 2012 pou rive nan jen 2015 te rele Urban Regeneration and Reconstruction Programme (URRP) Pwogram Rejenerasyon ak Rekonstriksyon Iben).

URRP te kreye pou satisfè bezwen moun ki te sòti nan kan Automeca a pou ale nan katye kote yo te sòti nan Delma 19 la ki se yon bidonvil ki andedan Pòtoprens. Antanke inisyativ ke kominate a te dirije, li te fè pwomosyon pou rejenerasyon kèk nan zòn ki te pi afekte epi pi vilnerab nan katye a.

URRP te bay asistans a 4,000 fwaye ki twouve yo nan Dèlma 19, pi presizeman nan twa kote yo idantifye kòm « zòn sib », « zòn 3 » ak « zòn 5 » (gade Figi 1). Espesifikman, zòn sib yo se te kat ti komin yo rele Aloulou, Site 4, Woman ak Sentanj; Zòn 3 te etann ni nan kat ti komin yo rele Wo Espatil, Ba Espatil, Wo Renonkil ak Ba Renonkil; epi Zòn 5 lan te fèt ak kat ti komin yo rele Vye Blan, Tchocho, Italies, Mayòt ak Kajou.

Ankadre 1 Sityasyon Ayiti avan Tranblemann tè a

Avan tranbleman dtè a, Ayiti, peyi ki pi pòv nan Amerik Latin, t ap fè fas ak plizyè pwoblèm ki te deja rann kontèks Ayisyen an konplèks anpil. Men kèk pamì yo:

- Pòtoprens, kapital la, se yon aglomerasyon gwo dansite ki gen plizyè minispalite san planifikasyon komen oubyen otorite iben apa Gouvènman Ayiti a. Nesesite pou planifikasyon tè pou rezoud pwoblèm sa a te byen kòmanse.
- Yo estime ke 70% populasyon iben an ap viv nan bidonvil, e menm pouvantaj nan populasyon iben nan ap viv nan lwave.
- Aranjman lwave a jeneralman pou yon ane, epi fòk frè yo peye alavans nan fen ane anvan an.
- Se pa tout popilasyon an ki anrejistre.
- Nivo kouvèti sèvis piblik yo ba anpil (dlo ak sistèm drenaj, kouran, jesyon dechè, etc.) ni nan vil ni nan zòn riral.
- Move kalite enfrastrikti ak kantite lojman; mank planifikasyon iben ak espas piblik, espesyalman nan Pòtoprens.
- Gwo dansite popilasyon, espesyalman nan zòn iben prensipal yo.
- Sistèn transpò ak enfrastrikti lojistik inefikas.
- Mank tit ak klate pwopriyete ak yon gwo kantite moun ki pa gen kay.
- Ensekirite, lamizè, inegalite ak mank opòtinite pou mwayen travay.
- Kapasite enstitisyon gouvènmantal yo te fèb anpil. Konsèy Sekirite a te etabli yon Misyon Nasyonzini pou Estabilizasyon an Ayiti nan mwa jen 2004 apre yon konfli grav te gaye nan plizyè vil peyi a.


Fig 1
Anplasman Aktivite Pwogram yo



Sous: Google Maps. <<https://maps.google.com/>>.

Bidjè total pou URRP te 12 milyon Dola Ameriken, ki te separe fason ki vini annapre a:

Depans URRP pa Eleman Pwogram



Pwogram nan te entegre yon seri entèvansyon ki gen relasyon youn ak lòt ki gwoupe anba twa pati diferan:

- *Lojman ak enfrazstrikti*: Nan pati sa a, lojman yo te resevwa diferan pake solisyon nan kesyon abri, tankou rekonstriksyon kay, reparasyon, pwovizyon materyèl pou reparasyon, ak asistans teknik nan domèn sismik ak konstriksyon jeneral epi teknik rekonstriksyon. Pwogram nan te konstwi tou oubyen repare enfrazstrikti piblik (reyabilitasyon kanal pou amelyore sikilasyon ak drenaj, pasrèl, espas piblik, mache), epi te bay sipò konplemantè nan dlo, sanitasyon ak edikasyon sou sante piblik.
- *Sibzistans*: Nan pati sa a pwogram nan te bay fòmasyon ak prè pou mikwo ak ti antrepriz (SME), li te mete kanpe yon gwoup epay ki rele epay kominotè ak asosyasyon kredi (MuSo) pou amelyore aksè a kredi, epi bay kouvèti asirans lasante.
- *Gouvènans kominotè*: Nan pati sa a, pwogram nan te bay konsèy epi ranfòse kapasite nan rediksyon risk ak dezas ak pwoteksyon, epi te angaje kominote yo, biwo meri Dèlma ansam ak lòt kolaboratè lokal yo (komite) nan pran desizyon, planifikasyon ak ekzekisyon pou fè pwomosyon pou dirabilite sou lontèm.

Ankadre 2 Patnè Pwogram ak Lòt Kolaboratè

- Mamm Mouvman RCRC, ak ladann Federasyon Entènasyonal Sosyete Kwa Wouj ak Kwasan Wouj (IFRC), Sosyete Kwa Wouj Aysyen (HRC) ak lòt sosyete kwa wouj nasyonal.
- Organizasyon entènasyonal tankou Organizasyon Mondyal Travay (ILO).
- Ajans gouvènman tankou Ministè Travò Piblik Transpò ak Kominikasyon (MTPTC), Direksyon Nasyonal Dlo Potab ak Asenisman (DINEPA), Enstiti Nasyonal Fòmasyon Pwofesyonèl (INFP) ak Sekretèri Leta Ayisen.
- Otorite lokal ak gwoup kominotè tankou meri Dèlma (biwo majistra a) ak komite zòn ki etabli nan katye yo chwazi nan Dèlman 19.
- Organizasyon non-gouvènmantal (ONG) patnè tankou Aktivite Developman ak Sèvis pou Sante, National Popular Funding Council, Fonkoze/Zafen, ak HelpAge International.
- Bank oubyen enstisyon mikwofinans tankou ID Microfinance ak Sogebank.

Kwa Wouj Britanik te dirije pwogram sou teren an Ayiti, epi te rapòte bay biwo santral li ki nan vil Lond. Li te kowòdone tou ak plizyè kolaboratè (gade Ankadre 2 a).

EVALYASYON REZILTA YO

Objektif Evalyasyon an

Kwa Wouj Britanik te otorize yon evalyasyon final pwogram nan pou reflechi epi aprann de eksperyans li an Ayiti. Objektif espesifik evalyasyon an se te:

- Fè yon rezime de nan ki nivo angajman Kwa Wouj Britanik an Ayiti te atenn objektif li yo atravè diferan entèvansyon li yo.
- Pou evalye efikasite enpak yon apwòch entegre ke URRP nan Pòtoprens te adopte nan zòn Dèlma 19.
- Pou idantifye lesyon (pozitif ak negatif) pou amelyore pwogramsyon epi enfòme politik estratejik ak planifikasyon.
- Pou enfòme priz desizyon nan nivo administrasyon pou travay ki gen pou vini.

Rapò sa a se yon vèsyon pi kout de totalite rapò evalyasyon ke Kwa Wouj Britanik te prezante a.

Metodoloji

Yon ekip endepandan evalyatè te dirije yon evalyasyon ant jen ak septanm 2015. Ekip la te genyen ladann: Maryvonne Arnould, Louis-Pierre Michaud, Aaron Budd, Patrick Robitaille ak Luc Bourgie. Metodoloji a te gen ladann: yon biwo revizyon (egzamen an pwofondè 84 dokiman); entèvyou endividyle avèk 63 kolaboratè kle; konsiltasyon ak 210 moun nan gwoup diskisyon; yon papye ankèt ki te bay pou kolekte enfòmasyon nan men 383 benefisyè URRP k ap viv Dèlma 19 ak yon dibrif ak pwogram administrasyon an an Ayiti epi Lond. Yo te rasanble enfòmasyon sou fòm triyangilè yon fason pou rive nan rekòmandasyon ak lesyon ki prezante la yo.

Ekip evalyasyon an te vwayaje nan Lond epi Ayiti pou rankontre ak moun ki te enplike nan pwogram nan epi pou obsèye an dirèk. Sa ki swiv yo se prensipal bagay ekip evalyasyon an te jwenn.

Difikilte

Pwojè a te fè fas ak anpil difikilte tou ki ta pral afekte pwofondè ak dirabilite enpak li. Te gen ladann pwen ki vini annapre yo.

- Planife e egzekite kèk aktivite pwogram nan yon anviwònman bidonvil te yo defi prezan. Sa te rann li pi difisil pou idantifye koz vilnerabilite—sa vle di, sa yo ki te deja egziste avan tranblemann tè a parapò ak sa tranblemann tè a te lakoz. Anplis, anviwònman bidonvil la te rann li pi difisil pou tabli konfyans, solidarite ak kolaborasyon ant patisipan yo ak anplwaye pwogram nan.
- Kwa Wouj Britanik te fè anpil efò pou rankontre ak otorite kominotè ak lokal yo epi bay anpil opòtinite pou kontribisyon lokal. Poutan, te gen konfizyon ak desepsyon pamé benefisyè yo sou kèk aspè kay yo ki te ka evite gras ak pi bon angajman ak komunikasyon nan kominote a.
- Nan efò li pou enplike kominote a, Kwa Wouj Britanik te travay ak « komite zòn » ki te parèt bridsoukou apre tranblemann tè a. Epoutan, gwoup sa yo pa t reprezante tout kominote a, jan KWB te vle sa. Lejitimate komite sa yo se te pwoblèm ki te pi difisil pwogram nan te rankontre.

- Difilikte pou anboche delege konstriksyon yo, egzijans planifikasyon otorite lokal yo, fèb pwodiktivite nan travay, pwoblèm sekirite ak epidemi maladi tout sa yo te lakoz reta nan konstriksyon an.
- Ranbousman prè pou SME ak MuSo te lan anpil epi yon gwo pousantaj prè yo pat ranbouse nan fen pwojè a. Pwoblèm ranbousman prè a te pouse Kwa Wouj Britanik evalye mache a pou idantifye yon founisè dirab pou jere pwogram SME a lavni. Li te detèminie ke solisyon ki pi apwopriye a se te pou mete sou pye yon komite kominotè SME fòmèl—ki fèt legalman ak Asosyasyon Antreprenè pou Developman Dèlma (AEDP) —epi transfere fon bay enstitisyon sa a. Kwa Wouj Britanik te mete sou pye tou komite fòmèl MuSo pou responsab swivi ranbousman prè kou pwogram nan fini. Poutan, fado k ap sou do komite sa yo ap lou, anplis de presyon komite zòn sa yo genyen pou jwenn aksè ak fon.
- Kapasite enstitisyon gouvènman lokal ak nasyonal yo pou kenbe enfrastrikti yo fèb epi yo genyen resous limite. Kominote Dèlma 19 la pa t'montre okenn siy ke yo pwoaktif. Li pa klè nan evalyasyon an kiyès k ap pran responsabilite ak antretyen sistèm sa yo.
- Mekanis gouvènman ki te etabli yo ak enplikasyon gwoup kominotè yo pa gen chans pou rete dirab ofiramezi tan ap pase, sa ki ka gen pou konsekans menase dirabilite lòt aspè pwogram nan.

Karaktè Apwopriye ak Koerans

Desizyon Kwa Wouj Britanik pou lanse pwogram nan te brav e te mande kouraj, espesyalman paske Dèlma 19—kote vyolans kominotè yo pi elve epi sans lavi kominotè ak solidarite fèb—se te yon anviwònman vrèman difisil. Pwogram nan te byen jistifye, te evolye ofiramezi ke tan pase ak repons inisyal pou satisfè bezwen a lontèm moun ki t ap retounen nan kominote yo. URRP te alien ak estrateji gouvènman Ayisyen an pou deplase moun yo nan kan yo epi fè yo retounen lakay yo an sekirite, epi Dèlma 19 te yon katye priyorité—60 poustan moun yo te chase nan kan yo te retounen la. Pati pwojè a te reponn a bezwen prensipal ke benefisyè yo te yo menm eksprime. Sipò pou mwayen travay, gouvènans ak rezistans se te bon apwòch pou asire ke pwojè a t ap rive jwenn rezulta dirab.

Poutan, malgre fòs li, URRP te gen anpil vizyon, epi Kwa Wouj Britanik te manke tan ak mwayen kritik pou reyalize totalman anbisyon nan fas tout kontrent yo. Kèk nan yo te entèn (sa te made anviwon yon ane pou kreye tout ekip delege URRP a ak òganize sèvis sipò yo); lòt yo te ekstèn (difilikte ki vini ak kontèks sosyo-économik nan yon bidonvil tankou Dèlma, espas nan vil la te limite, tit pwopriyete a te konplèks, epi te gen mank nan nan jan pwosesis planifikasyon iben nan Dèlma).

Kwa Wouj Britanik te pote yon gwo kontribusyon nan operasyon mekanis kowòdinasyon andedan Mouvman Kwa Wouj aj Kwasan Wouj la (RCRC), yon fason pou evite diplikasyon efò yo epi kenbe atansyon santre sou solisyon lojman ekitab. Kòm sipò nan wòl sa a, Kwa Wouj Britanik te segonde delege eksperimante nan Federasyon Entènasyonal Kwa Wouj (IFRC) ak Kwa Wouj Ayisyèn (HRC) epi te nourri yon espri pwòch kolaborasyon an de òganizasyon yo. Nan premye etap pwogram nan, Kwa Wouj Britanik te travay an kolaborasyon rapwoche ak HRC kote li te jwe yon wòl enpòtan nan developman estrateji pou peryòd 2010 ak 2015. Men, ofiramezi pwogram nan t ap evolye li te vin difisil anpil pou Kwa Wouj Britanik alien objektif ak estrateji li yo ak pa Kwa Wouj Ayisyèn (HRC) yo ki te santre sou sante kominotè, preparasyon pou dezas epi administrasyon yon bank pou kolekte san.

Reyalizasyon

Pwogram nan te ede plizyè milye moun vilnerab rejwenn kay yo ak kominote yo, epi kontinye ak vi yo. Sa nou pral li anba yo se kèk nan akonplisman kle yo.

- Amelyorasyon enfrastrikti te petèt gen enpak ki pi enpotan, pozitif e pi gwo sou kominote a. Pami akonplisman espesifik yo genyen konstriksyon 302 mèt lineyè yon nouvo kanal an blòk ak siman; 2,300 mèt kare drenaj, yon pasrèl pou pyeton ak plas piblik; yon nouvo mache (gade Imaj 1) ak 34 etalaj, yon bank bòlèt ak yon babè chòp. Pwogram nan te enstale 26 lanp ki mache ak solèy. Entèvansyon nan kanal ak drenaj yo te gen yon gwo enpak sou kominote a epi ogmante anpil rezistans moun yo ak dezas ki gen pou vini. Revètman kanal la te bay yon wout an sekirite pou jwenn aksè ak abri yo ak lòt sipò epi te ede anpeche fatra antre nan sistèm kanal la. Wout kanal la an konbinezon ak wout pave a, te bay tou wout ki bay plis sekirite pou chape nan ka yon lòt tranblemann tè.
- Pwogram nan te konstwi 149 nouvo kay ak fòs septik ki te fèt ak yon konsepsyon senp, fleksib men ki ka reziste ak tranblemann tè ak inondasyon. Li te repare tou 32 lòt kay epi distribiye sibvansyon an lajan kach bay 101 fanmi pou yo te ka fè pwòp reparasyon pa yo. Anplis de sa, epi an kolaborasyon ak ILO, pwojè a te fòme 50 bòs mason epi te bay lòt fòmasyon ki gen rapò ak konstwiksyon ak reparasyon. Non sèlman sa te etabli yon sous ekspètiz dirab anndan kominote a; fòmasyon an ak akreditasyon an te ogmante chans manm kominote sa yo pou jwenn travay ak potansyèl pou yo fè kòb.
- Pwogram nan te diminye risk nan kominote a kote li te amelyore pwovizyon dlo epi bay pi bon aksè ak enstalasyon sanitè ansanm ak mwayen pou elimine fatra. Li te fè pwomosyon pou ijyèn, itilizasyon latrin ak lave men, ogmante sansibilizasyon sou prevansyon ak trètman maladi (malarya, deng, chikoungounya). Tout benefisyè ke evalyatè yo te entèwoje te rapòte ke zòn sib yo te pi pwòp kounye a ke jan yo te ye anvan. Yo te rapòte tou amelyorasyon nan ijyèn ak prevansyon maladi (gade Ankadre 3).
- Pwogram nan te ede amelyore tou kapasite yo pou jwenn yon pen kotidyen nan fason li te ede yo etabli ti biznis oubyen aprann epi devlope nouvo konpetans. URRP te sipòte 26 SME epi bay prè san enterè ak san egzizans garanti ak fòmasyon. Kantite prè yo te bay te ant 1000 ak 4000 dola ameriken apa eksepsyon pou yon gwo prè 15,000 dola ameriken. Nan pati lojman ak enfrastrikti a, pwogram nan te fòme bòs mason ak lòt travayè konstwiksyon. Anplis de sa, li te kreye epi fòme 81 MuSo ki te pote benefis pou 2,000 moun ak prè ki te totalize an mwayèn 123 dola ameriken. Li te bay kouvèti asirans sante pou patisipan SME ak MuSo yo ansanm ak fanmi yo—anviwon 7,000 moun. Patisipan nan gwoup diskisyon yo (gade Imaj 2) te konfime ke MuSo yo te itil anppil nan fè yo jwenn aksè ak resous finansyè epi te pèmèt yo mennen aktivite ki jenere lajan oubyen peye pou depans lakay yo ak/oubyen frè lekòl pitit yo.



Imaj 1 Devan mache a

Ankadre 3 Temwayaj Benefisyè yo

« Si nou pa konnen sa ki lakoz maladi a nou pa ka pwoteje tèt nou ak fanmi nou. Mwen kounyea ke fòk kanari dlo a kouvari, epi dlo ki poze atire moustik epi bezwen trete pou anpeche nou trape malarya ak chikoungunya. »

— Yon patisipan gwoup diskisyon

« Mèsi pou sa nou te aprann ak Kwa Wouj Britanik, kounyea nou konprann ke ijyèn ak pwòpte nan kay ak anviwònan nou anpeche prezans maladi. »

— Yon patisipan fanm nan gwoup diskisyon

- URRP te sèvi ak yon apwòch inovatif pou rejenerasyon Dèlma 19. Kote li te sèvi ak yon pwosesis konsiltasyon yo rele Apwòch Patisipatif Sansibilizasyon pou Lojman Sekirité (PASSA), Kwa Wouj Britanik te non sèlman ogmante nivo konsyans kominate a sou anviwònman yo ki konstwi, men tou te ankouraje angajman li pou amelyore anviwònman l ap viv la epi answit ede pwogram nan reponn pi byen ak bezwen benefisyè yo. Li te fòme patisipan yo pou kontinye itilize PASSA antanke apwòch pou rezoud pwoblèm epi planifikasyon. Pwojè a te etabli tou gwo lyen ak biwo meri Dèlma a.



Imaj 2 Gwoup diskisyon

Efikasite

An brèf, Kwa Wouj Britanik te etabli ekivalan yon ONG gwosè mwayen an Ayiti,¹ ki t ap opere nan yon anviwònman konplèks e difisil. Nan egzekite pwogram retablisman ak rekiperasyon an Ayiti a, Kwa Wouj Britanik te oblige pouswiv domèn ki andeyò manda ak ekspètiz li, sa ki te rann li difisil pou kreye kad kontwòl apwopriye. Enfòmatè kle ke ekip evalyasyon an te entèvyouve te diskite ke resous yo te mete nan administrasyon ak resous zimèn pat sifi pou yon gwosè operasyon konsa. Biwo santral la nan vil Lond te gen kapasite limite pou asiste ak lojistik, finans ak resous zimèn, epi kèk nan pèsònèl li yo te manke eksperyans sou teren. Plizyè pwoblèm nan rekritman ak konsève pèsònèl kle a te debouche sou reta epi te enplike plis pase 50 delege nan pwogram nan.

Paske URRP te diferan de pwogram abityèl Kwa Wouj Britanik yo, te gen anpil tan ak efò ki te envesti pou devlope nouvo zouti pou satisfè bezwen espesifik pwogram nan. Youn nan rezulta pozitif yo se le fèt ke nouvo sistèm nan woule epi sèvi pou yon seri de repons nan lòt peyi, pa egzanp Nepal. Men, an gwo, pwogram nan te manke zouti apwopriye pou swivi ak evalyasyon.

URRP te gen anpil delè nan egzekisyón, akoz plizyè faktè ekstèn, priz desizyon byen mezire, pwoblèm nan rekritman, ak difilikte operasyonèl/ Yo te etann pwojè a plizyè fwa epi reta yo te rann li difisil pou senkwonize aktivite yo. Nan mitan ane 2013 la yo te etabli yon gwo komite pwogram pou sipèvize operasyon yo epi asire ke estrateji antrepriz, règleman ak pwosed Kwa Wouj Britanik te fè pati pwogram devlopman an, egzekisyón ak aprantisaj. Komite a te ankouraje yon chanjman kilti ki te karakterize ak plis angajman, mwens travay izole ak fragmanté, epi mennen moun ki la pou sa s yo bò tab la pou diskite pou pran desizyon. Jesyon Finans lan te amelyore anpil gras ak adopsyon yon bidjè ki chita sou aktivite, sa ki vin debouche sou itilizasyon efikas resous yo.

Enpak

Li twò bonè pou detèmine ak sètitid efè a lontèm pwogram nan. Men, entèvyou enfòmatè kle yo, gwoup diskisyon ak rezulta ankèt la te konfime ke pwosesis konsiltasyon PASSA a non sèlman te bay kominate a yon vwa epi yon chemen pou kanalize enkyetid yo bay Kwa Wouj Britanik, men tou te entwodwi yon apwòch estrikture, lojik pou idantifye bezwen ak/oubyen pwoblèm yo, etabli priyorite ak adopte yon plan aksyon. Enfrastrikti ak inisyativ lojman an te amelyore kalite lavi nan Dèlma 19. Konstriktyon kanal la ak lòt enfrastrikti yo te pwobableman gen enpak pi gwo ak pi pozitif sou kominate a.

Kominote pi vivan e pi pwòp pase avan. Moun yo te vin pran konsyans de pwoblèm sante paske yo te sansibilize sou risk ki asosye ak moustik ak dlo dòmi. Temwanyaj Dèlma sigjere ke kanpay pou lijyèn ke

¹ Avèk yon total 5 milyon GBP fon woulman pa ane.

Kwa Wouj Britanik te mennen an te enspire moun yo pou ajiste konpòtman yo pou minimize potansyèl sous kontaminasyon yo. Abitid fason pou jete dechè te chanje: 41% nan moun ki te reponn nan ankèt yo te di yo mete fatra yo kounyea nan sachè olye yo lage yo nan kanal la. Moun yo te vin pi enfòme sou maladi tankou fyèv ak dyare ak metòd pou anpeche yo—65% te atribye sa a kanpay sante a. Kominote a te jwenn benefis nan devlopman sa yo ki te fè pwomosyon pou adopsyon abitid sante dirab.

Sipò SME yo te resevwa a te amelyore potansyèl pou devlopman biznis kote li te ranfòse kapasite yo nan jesyon administrativ ak finansyè epi amelyore aksè a kredi. Malgre kèk difikilte SME yo te rankontre, sipò Kwa Wouj Britanik te bay te deklanche aktivite ekonomik nan kominote a. Aktivite pwogram nan te kontribye tou pou kreye opòtinite anplwa. Fòmasyon pou bòs mason yo ak lòt travayè konstwiksyon yo te pèmèt plizyè benefisyè vin genyen nouvo konpetans pou anplwaye yo. MuSo te entwodui zouti epay ak finans bay moun majinalize ki si se pat sa pa t ap jwenn aksè a kredi e menm labank.

Dirabilite

Reta nan egzekisyon, difikilte kontèks sosyo-ekonomik Dèlma 19 ak lakin nan gouvènans kominote a tout te limite dirabilite rezulta pwogram yo. Kominote a fragmente epi rete trè vilnerab. Kèk rezulta mwayen travay te atenn, men dirabilite MuSo yo rete yon enkyetid. Evidaman, kominote nan Dèlma 19 pi òganize kounye a ke avan, epi konsiltasyon PASSA yo te ba yo zouti ak konpreyansyon sou òganizasyon. Poutan, gouvènans nan nivo kominote a rete frajil. Kwa Wouj Britanik te rete fokis sou bay lojman, enfrastrikti ak sipò nan mwayen travay antanke mwayen pou ogmante rezilyans, men sa kominote a te bezwen pou konstwi ottonomi li se te yon modèl gouvènans ki solid epi fonksyonèl. Menm lè Kwa Wouj Britanik te enplike otorite gouvènman apwopriye yo nan planifikasyon ak priz desizyon, li te echwe nan etabli, byen bonè, mwayen pou asire responsabilite gouvènman an pou fè antretyen enfrastrikti yo. Akoz pwoblèm kominote zòn yo, kesyon merite poze pou konnen si yo te bay meyè estrikti pou konstwi gouvènans kominotè dirab. Pa gen endikasyon nan konpòtman manb kominote yo ki sigiere ke yo motive pou sipòt antretyen yo yo menm.

REKÒMANDASYON

Ekip evalyasyon an te fè pwopozisyon ki vini annapre yo pou amelyore egzekisyon oubyen prezantasyon pwogram ki gen pou vini.

1. Nome yon ekip ki gen eksperyans nan konstriksyon epi ba yo mwayen travay pou anpeche reta ki asosye ak pwosesis rekritman byen long epi kapab fè entèvansyon sou rekiperasyon pi vit ke posib. Prepare yon lis ekspè entènasyonal nan mwayen travay, enfrastrikti ak gouvènans ta ka ede identife yon sous konstan resous zimèn apwopriye.
2. Entegre totalman otorite lokal yo nan planifikasyon ak egzekisyon entèvansyon sou enfrastrikti yo pou asire ke responsabilite ak antretyen sou enfrastrikti yo ap kontinye rete responsabilite yo.
3. Asire ke benefisyè yo enplike e byen enfòme sou konsepsyon lojman, pou redwi eka ki genyen ant atant yo ak sa yo livre a. Sèvi ak modèl ansanm ak mwayen pou kominiye konsepsyon ki adapte pou piblik epi asire ke sa ki yo te reprezante a se te egzakteman sa yo te livre a.
4. Ogmante peryòd tan pou devlope entèvansyon sou mwayen pou moun viv, espesyalman si li sipòt etablisman gwoup epay yo, ki egzije anpil sansibilizasyon ak swivi regilye ak ankadreman ofiramezi tan ap pase. An jeneral, entèvansyon sa yo egzije pou pi pitit de (2) lane (de sik epay konplè) ak swivi ki ale de sis (6) mwa a yon lane. Panse a itilize metodoloji ki fè prèv yo epi adopte lojisyèl ki egziste pou fè swivi sou sante gwoup epay yo. Yon egzanp se VSLA Associate's Savings Groups Portfolio Tracking System (Sistèm Swivi Pòtfolyo Gwoup Asosye Epay) yon lojisyèl komèsyal ki fèt pou fè swivi sou gwoup epay yo.

5. Prete plis atansyon a lejitimite ansam ak pouvwa reprezantasyon estrikti lokal yo pou kolabore ak yo, oubyen limite enfliyans gwoup ki pa reprezantatif yo nan premye etap yo e pandan pwogram nan, yon fason pou yo pa entèfere ak egzekisyon entèvansyon li yo.
6. Panse aplike pwosesis ki pèmèt transfè responsabilite bay otorite gouvènmantal yo yon fwa pwogram nan fini. Pwosesis sa yo ta dwe diskite bonè nan kòmansman pwogram nan, yon fason pou asire dirabilite entèvansyon yo.
7. Prepare e deplwaye pledwaye ak efò pou ranfòse konsantizasyon ansam ak kominate a e otorite yo pou asire ke mwayen yo diskite epi etabli, yon fason pou asire dirabilite entèvansyon yo.
8. Aplike yon apwòch swivi ak evalyasyon (M&E) ki pi serye ki montre yon vizyon prensipal de rezulta ki dwe attenn yo (modèl lojik), yon deskripsyon egzat sou fason pati pwogram yo dwe kole youn ak lòt, devlopman endikatè « SMART » (Sig an anglè ki vle di Espesifik, Reyalizab, Reyalistik ak Delè Konvnab) ak itilizasyon zouti efikas pou mezire pwogrè ki fèt nan attenn rezulta key yo espere yo (kad mezi randman). Voye delege M&E yo sou teren pou asire kòlèk done ki fèt nan yon delè konvnab, ki konplè epi ki egzat. Kwa Wouj Britanik ta dwe planifye envestisman sifilan nan fòmasyon M&E, ankadreman ak sipèvizon pou asire ke manm ekip yo genyen tout konpetans ki nesesè yo.

LESON/BENEFIS EKSPERYANS LAN

Evalyasyon an te idantifye sèt (7) lesion ki devlope nan egzekisyon URRP a:

1. Devlopman rapid gwo pwogram ka reyisi si gen anpil efò ki fèt pou asire ke sistèm administratif, resous zimèn, finans ak lojistik anplas, epitou sipò nan rekritman ak fòmasyon pèsonèl pwogram lokal ak entènasyonal la.
2. Nan devlopman yon gwo pwogram, patikilyèman nan yon anviwònman konplèks tankou Ayiti apre tranblemann tè a, li esansyèl pou òganizasyon an rete konsantre epi nan nivo entèvansyon ki an amoni ak manda òganizasyon an, eksperyans li ak kapasite livrezon li. Yon evalyasyon risk awofondi, ak apwobasyon gouvènans awopriye, ta dwe fèt nan kote y ap depase paramèt sa yo.
3. Li esansyèl pou devlope relasyon sere ak otorite gouvènman yo, non sèlman pou asire ke yo enfòme, men tou pou ankoraje kolaborasyon yo nan efò planifikasyon an ak enplikasyon yo nan desizyon enpòtan; konsa, enplikasyon ap asire, epi responsabilite yo ka fòmalize epi transfere apre pwogram nan fini, konsa sa ap pèmèt pi bon dirabilite.
4. Nan anvirwònman lavil, li esansyèl pou genyen bon konesans ak konpreyansyon sitiyasyon sosyal la, ekonomi lokal la ak estrikti politik yo, yon fason pou idantifye epi chwazi estrikti kominotè awopriye pou travay avèk li, defini enterè komen, ankoraje angajman benefisyè yo epi fè pwomosyon pou yon paptispasyon dirab nan objektif pou fasilité egzekisyon pwogram nan.
5. Klasman aktivite pou jenere mwayen pou moun viv, soti nan ijans pou rive nan rekiperasyon bezwen byen defini ak klate epi kominike bay benefisyè yo. Yo dwe kontinye soutni yo tou ak sipò teknik efikas epi ekspètiz biwo santral la ak ekip ki sou teren an.
6. Kreyasyon gwoup epay ka mande plis tan ak yon klasman operasyon diferan parapò a jan sa te prevwa avan, akoz de nesesite pou pwogram nan sansibilize benefisyè yo avan yon fason pou jwenn konfyans yo ak kolaborasyon yo, fòme yo epi ranfòse konpreyansyon yo sou konsèp finans ak pwosedи administratif, epi ba yo yon chans pou travay ansam pou aplike nouvo konsèp ke yo te aprann.

7. Yon kompreyansyon solid kilti ak konpòtman lokal yo epi bon jan konesans lang nasional la se avantaj enpòtan pou gen komunikasyon efikas ak manm kominote a epi ankouraje kolaborasyon antre yo.

KONKLIZYON

Ekip evalyasyon an kwè ke, menm lè rezulta yo te sanble melanje, URRP te kanmenm reprezante yon gwo akonplisman, lè nou konsidere konplikasyon ki egziste nan Dèlma 19 ak anba gwo kontrent Kwa Wouj Britanik te oblige travay.

An gwo, pati lojman ak enfrastrikti a te atenn ase bon rezulta, espesyalman nan enfrastrikti piblik. Pati ki gen awè a mwayen siviv la te atenn kèk bon rezulta men te ka fè plis, si se pat pwoblèm tan ak gwo wotasyon pwogram anplwaye yo. Nan tout twa pati yo, gouvènans lan te afekte plis ak delè sere egzekisyon pwogram nan. Te genyen kèk pwogrè ki fèt nan ranfòse konpetans ak kapasite kolaboratè lokal yo; poutan, san swivi solid, pwogrè sa yo pa gen chans pou yo dirab.

Kontrèman ak efò èd imanitè ki chita prensipalman sou asistans teknik koutèm, devlopman entèvansyon dwe rezoud pwoblèm a lontèm, tankou dirabilite ak rann otonòm. Sa parèt byen evidan nan pati gouvènans pwogram nan. Kwa Wouj Britanik te chache ankouraje yon gwo chanjman mantalite nan yon kominote ki pòv epi vilnerab; poutan, se te yon objektif ki te egzize plis tan ak pi gwo envestisman ke pwogram nan te ka pèmèt tèt li. Pa egzanp, fòmasyon sou bon pratik gouvènans lan te itil, men san ankadreman annapre—espesyalman nan yon anviwònman kote moun yo majinalize—li te gen yon ti enpak tou fèb. Nan menm fason an, bay MuSo fon dirèkteman non sèlman te an opozisyon ak youn nan prensip operasyon fondamantal gwoup epay kominotè, men pat yon bon desizyon nan yon kontèks kote ensten pou siviv domine sou lespri kominotè. Pwoblèm kominotè sa yo rezoud pi byen ak devlopman relasyon ak kominote yo epi nan kreye patenarya ak kolaboratè lokal yo. Yo te mande tou bon jan konesans sou kontèks lokal la ak fason benefisyè ki sible yo panse. Yon òganizasyon andeyò peyi a e ki pa gen istwa nan kominote a ka vin genyen konesans sa a pandan l ap devlope patenarya rapwoche ak òganizasyon lokal menm jan li ka fè konfyans ki ka egzekite aktivite pwogram nan, nan nivo kominotè yo epi kontinye kòm yon resous lokal apre pwogram nan fini.

EKIP EVALYASYON AN

Advisem Associates se yon fim konsiltasyon kanadyen ki espesyalize nan fè evalyasyon, ankèt ak etid pou detèmine reyisit pwogram devlopman atravè lemond antye. Pami kliyan li yo genyen ajans donatè, òganizasyon entènasyonal, fondasyon, ONG ak depatman gouvènman. Gras ak ekip patnè ansanm ak asosye li yo ki chaje eksperyans, Advisem bay kliyan li yo bon jan konsèy, pandan ke li swiv estandan kalite ak etik ki pi gwo kalite.

Pou plis enfòmasyon, vizite www.advisem.ca.



Where we are:

British Red Cross
44 Moorfields
London
EC2Y 9AL

redcross.org.uk

Published 2016